



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK TE ADMINISTRE 38,000 DÒZ VAKSEN COVID-19 - KANTITE KI PI WO NAN PEYI A**

***Gen 346,000 dòz vaksen Moderna ak 120,000 dòz vaksen Pfizer anplis k ap rive semèn sa a***

***New York lanse Gwoup Travay sou Ekite Vaksen ke Sekretè Eta Rosado, Pwokirè Jeneral James, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije***

***New York ap devlope Twous Vaksinasyon Kominotè - inite otonòm ki gen ladan tout atik nesèsè pou mete anplas yon sit vaksinasyon, pral itilize espesyalman nan kote ki manke swen sante***

***Pwogram federal pou vaksinen rezidan ak pèsònèl nan mezon retrèt yo te kòmanse jodi a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke plis pase 38,000 dòz vaksen te administre nan Eta New York apati lendi maten - kantite ki pi wo ke yo te rapòte nan peyi a jiskaprezan.

Pou ranfòse efò sa a, premye 346,200 dòz vaksen Moderna yo ta dwe kòmanse rive New York jodi a, avèk 120,000 dòz vaksen Pfizer anplis ki ta dwe rive nan fen semèn sa a.

Gouvènè a te anonse tou lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Pwokirè Jeneral Letitia James, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Gwoup Travay la pral travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout eta a.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke New York ap devlope Twous Vaksinasyon Kominotè pou bay kominote yo, espesyalman sila yo ki sitiye nan kote ki manke swen sante, avèk founiti ak resous nesèsè pou mete anplas sit vaksen yo.

Gouvènè a te anonse tou gen yon pwogram federal ki pral vaksinen rezidan mezon ak pèsònèl retrèt epi te kòmanse jodi a nan Eta New York epi ta dwe vaksinen rezidan yo ak pèsònèl la nan 618 etablisman atravè eta a, kote premye dòz yo ap administre apati jodi a ak pandan de semèn k ap vini yo.

"Kounye a n ap pale sou kiyès k ap jwenn vaksen, epi kite mwen fè sa klè: pa gen okenn politik nan pwosesis vaksinasyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te pase atravè sa avèk tès COVID la, avèk moun enpòtan, selebrite, ak moun rich k ap antre nan premye liy. Tretman preferansyèl sa a nan tès COVID la sabote tout sans demokrasi nou, egalite ak yon gouvènman ki travay pou tout moun. Epi nan moman COVID sa a, kote nou te wè enjistis flagran, politik pa gen anyen pou wè ak sa. Pa gen okenn gouvènè, okenn egzekitif konte, ak okenn majistra ki kontwole pwosesis la, epi okenn moun pa ka di sa pa verite oswa ap vyole lalwa. Sa fèt totalman atravè pwofesyonèl medikal yo epi lopital nou yo te deja vaksinen plis moun pase nenpòt lòt eta nan peyi a."

Ekspè sante yo te prevwa ke pou genyen gè kont COVID-19 la, ant 75 ak 85 pousan popilasyon an bezwen resevwa vaksen an epi konsa, New York te fè li yon priorite pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè. Pou pouswiv ak travay sa a, elimine baryè pou jwenn aksè epi asire distribisyon ekitab vaksen an, Gouvènè a lanse Nouvo Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York.

Manm Gwoup Travay la gen ladan:

- Frederick Shack, Direktè Egzekitif Jeneral, Urban Pathways, Inc.
- Doktè Havidán Rodríguez, Prezidan, SUNY Albany
- Murad Awawdeh, Ko-Direktè Egzekitif Pwovizwa, Kowalisyon Imigrasyon New York (New York Immigration Coalition)
- Doktè Henry Chen, Prezidan, SOMOS Community Care
- Phyllis Jackson, Fondatè ak Direktè Egzekitif, Kowalisyon Entèdeminasyonèl Ministè Lasante (Interdenominational Health Ministry Coalition); Manadjè Pwojè Byennèt Kominotè; Common Ground Health
- Guillermo Chacón, Prezidan, Komisyon Latin sou SIDA (Latino Commission on AIDS) ak Fondatè Rezo Sante Ispanik (Hispanic Health Network)
- George Gresham, Prezidan, 1199SEIU United Healthcare Workers East
- Ruth Hassell-Thompson, Konseye Espesyal pou Règleman ak Zafè Kominotè, Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal) Eta New York
- Frankie Miranda, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Federasyon Latino-Ameriken (Hispanic Federation)
- Rev. Doktè Calvin Butts, Pastè, Abyssinian Baptist Church
- Jo-Ann Yoo, ki se Direktris Egzekitif Federasyon Ameriken Dorijin Azyatik (Asian American Federation) la
- Doktè Hazel Dukes, Prezidan, NAACP New York State Conference
- Rev. Doktè W. Franklyn Richardson, Pastè Prensipal, Grace Baptist Church

- Judith Watson, Direktè Egzekitif Jeneral, Mount Vernon Neighborhood Health Center
- Doktè Rosa Gil, Fondatè, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Comunilife, Inc.
- Doktè Wayne Riley, Prezidan, SUNY Downstate Medical Center; Prezidan, Konsèy Administrasyon, New York Academy of Medicine
- Danny Barber, Prezidan, Konsèy Prezidan NYCHA pou Vil (NYCHA Citywide Council of Presidents); Prezidan, Asosyasyon Lokatè Jackson Houses (Jackson Houses Tenant Association)
- Kyle Bragg, Prezidan, 32BJ SEIU
- Karim Camara, Direktè Egzekitif ak Komisè Adjwen Biwo pou Sèvis sou Devlopman Kominotè Konfesyonèl (Office of Faith-Based Community Development)
- Rev. Mark E. Blue, Prezidan, Buffalo Chapter NAACP

Twous Vaksen Kominotè yo pral yon eleman enpòtan nan efò New York pou ogmante aksè ak vaksen yo nan kominote Nwa, Latino, riral, pòv ak lojman piblik yo, ansanm ak lòt mank nan zafè swen sante nan bay tout ekipman ak founiti esansyèl pou administre vaksen bay popilasyon sa yo ki bezwen plis sipò.

Espesyalman, chak twous gen ladan enstriksyon etap pa etap sou jan pou mete anplas yon sit, ak founiti ak ekipman esansyèl tankou:

- Founiti Biwo
- Ekipman pou Pòs Travay
- Ekipman Kominikasyon
- Founiti Netwayaj
- Materyèl Ekleraj
- PPE
- Ekipman Kontwòl Foul/Trafik
- Flakon
- Sereng
- Separatè Pyès
- Rido pou Vi Prive

Jodi a, Eta New York te kòmanse yon pwogram federal pou vaksinen rezidan ak pèsònèl mezon retrèt yo nan 618 etablisman ki fè pati pwogram lan jiskaprezan. CVS ap vaksinen 271 etablisman, Walgreens ap vaksinen 253 etablisman, epi lòt famasi yo ap vaksinen 94 etablisman. Pwogram lan nan tout entegralite la ta dwe pran anviwon sis semèn, sa gen ladan twa "jou klinik" nan chak etablisman:

- Jou 1: Tout rezidan/yon pati nan pèsònèl la resevwa piki 1 (ta dwe fèt nan de semèn k ap vini yo)
- Jou 2: Tou rezidan/pati nan pèsònèl la resevwa piki 2, yon pati nan pèsònèl la resevwa piki 1.
- Jou 3: Rès pèsònèl la resevwa piki 2

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)